



Ouveti Potal Fanmi yan pou le 2 Sept. pou Ane Lekol 2021-2022

Sipèentandan lekòl yo ki se Dr. Donna C. Hanlin kontan pou li anonse ke Pòtal Fanmi ki popilè a ap louvri 2 Septanm pou ane lekòl 2021-2022 yan la. Portal Fanmi yab sèvi paran yo ak gadyen elèv yo, ak pwop tèt elèv yo, depi nan nivo klas 1-12, kote anndan Potal Fanmi yan montre nòt, devwa ak prezans. Paran ak responsab elèv ki nan Prekindergarten ak Kindergarten pral pral kapab itilize Family Portal (Potal Fanmi) yan pou jwenn aksè nan rapò pwogrè ak kanè nan mitan tèm.

Itilizasyon regilye de Portal Fanmi se yon pati enpòtan nan sipòte edikasyon chak grenn elèv. Rapò pwogrè mitan tèm yo ak kanè yo ap kontinye distribye nan Pòtal Fanmi pou tout elèv yo.

Orè elèv lekòl mwayen ak segondè pou nouvo ane lekòl la ap disponib pou telechaje nan Pòtal Fanmi an. Yon fwa louvri sesyon an, klike sou "My info" ki vle di an Kreyol "Info mwen an" tab tèt epi gade pou "Current Schedule" ki vle di an Kreyol "Orè aktyèl la" tab la. Pou wè tout klas elèv la, klike sou matris la epi gade lis la.

Pou itilize Potal Fanmi yan, ale nan sit sa www.wcboe.org epi chèche Family Portal ki vle di an Kreyol Portal Fanmi sou paj ki gen ti siy Kay la, oswa anba "For parents and Students" ki vle di an Kreyol "Pou paran ak elèv yo." Enstriksyon yo anba a pou ouvri sesyon an pou ane lekòl 2021-2022 la. Tout modpas ki soti nan ane lekòl anvan yo nou te reyajiste yo, pou rezon sekirite.

Tanpri tcheke avèk lekòl elèv ou a apati de 2 Septanm si ou gen nenpòt kesyon sou lè ou ap sèvi avèk Portal Fanmi yan, si ou ta bezwen asistans koman pou antre ladan l, oswa ou ta vle diskite sou enfòmasyon ou jwenn ladan li pou elèv ou an. Si ou bezwen jwenn nimewo manje lunch elèv la, tanpri kontakte lekòl la ak nenpòt ki lè.

Pòtal la ap rete ouvè jiska 30 Jen 2022 pou konvenyans elèv yo, paran yo ak gadyen yo.

Potal Fanmi pou Paran/Gadyen yo:

Login ID (Non Itilizate): non konplè fanmi elèv la (tout miniskil, karaktè espesyal ak espas yo retire, pa depase 14 karaktè) + premye inisyal non elèv la + 4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal elèv la.

Modpas: Nimewo manje midi 5 chif Elèv la (disponib nan men elèv ou, oswa rele lekòl la). Sa a se pou yon ti tan; paran an pral chwazi yon nouvo modpas premye fwa yo ouvri sesyon an.

Egzamp: Elèv ou a se John A. Smith-Jones ak nimewo sekirite sosyal xxx-xx-1234. Nimewo manje midi John a se 98765. Id login (non itilizate) a pral smithjonesj1234 ak modpas tanporè a se 98765.

Potal Fanmi pou Elev yo:

Login ID: dènye non elèv la (tout miniskil, karaktè espesyal ak espas yo retire, pa depase 14 karaktè) + premye inisyal non elèv la + dènye 5 chif nimewo idantite lokal elèv la (enprime sou orè elèv yo ak kanè yo).

Modpas: Nimewo manje midi 5 chif Elèv la. Sa a se pou yon ti tan; elèv la pral chwazi yon nouvo modpas premye fwa yo ouvri sesyon an.

Egzamp: Elèv John A. Smith-Jones ak nimewo idantite elèv lokal 110098765 ak nimewo manje midi 23456. Idantite login (no itilizate ya) ap smithjonesj98765 ak modpas tanporè a se 23456.